

JANBE KANADA SOTI ETAZINI

ENFÒMASYON AK RESOUS POU MIGRAN
ANBAN EPI APRE YO RIVE KANADA

KESYON MOUN POZE SOUVAN (KPS)



Enfòmasyon rapid (gade nan seksyon KPS pi ba a pou plis detay).

VEUILLEZ NOTER: La situation change rapidement; assurez vous donc que cette information est à jour seront publiées ici:

www.solidarityacrossborders.org/fr/faq-coming-to-canada-from-the-united-states

PLEASE NOTE: The situation is changing rapidly, so make sure this information is still up to date. Updates will be posted here:
www.solidarityacrossborders.org/en/faq-coming-to-canada-from-the-united-states.

Distributed by Plattsburgh Cares

pburghcares@gmail.com

Version: September 5, 2017

QUICK FACTS

□ Lè yon moun ki fè yon demann refijye nan yon pòs fwontyè regilye, yo voye yo tounen epi moun sa a yo gen entèkdisyon pou yo janm mande estati refijye nan Kanada ankò. Yo fè eksepsyon pou moun ki gen fanmi o Kanada ak timoun ki poko gen 18 an k ap vwayaje pou kont yo (ki pa gen okenn paran oswa gadyen legal nan ni Etazini ni Kanada).

- An jeneral si yon moun rantre Kanada "iregilyèman" (setadi, ki pa pase nan yon pòs fwontyè), yo kite li fè yon demann refijye lè yo fin rantre Kanada. Gen eksepsyon (gade pi ba an).
- Moun ki deja Kanada men ki pa gen dwa fè yon demann refijye yo anjeneral yo bay yo yon "examen des risques avant renvoi" ("ekzamen risk anvan ranvwa") ki ka retade depòtasyon a pou plizyè mwa ; nan kèk ka, sa a bay moun nan okazyon pou li fè lòt planifikasyon.
- Gen de peyi Kanada pral fè yon tan yo pa fè depòtasyon ladan yo. Si w fin rive Kanada, anjeneral yo pa ka depòte w nan peyi sa a yo, menm yo refize w kòm yon refijye. (Men, gen eksepsyon pou 'zak kriminel' ak 'sekirite'.) Kanada te gen yon moratwa sou depòte moun an n Ayiti men sa leve depi MAS 2017. Kanada pa gen moratwa sou depòtasyon an n Ayiti ankò.
- Li enpòtan pou w jwenn èd avoka pou fè demann refijye w. Tout moun ki Quebec gen dwa gen yon avoka gratis si yo pa ka peye sa ak pwòp kòb yo, kèlkeswa stati imigrasyon yo.

- Pandan w ap tann ke yo swa aksepte swa refize demann refijye ou, ou gen dwa aksè a swen sante, edikasyon, asistans sosyal ak evantyèlman pèmi pou w travay.

- Kanada pa toujou aksepte demann refijye. An 2015, pa egzanp, se sèlman 60% nan demann yo ke yo aksepte.

- Lè yo refize yo demann refijye, Kanada depòte moun lan tounen nan peyi kote li sitwayen an, pa Etazini.

- Gen kèk moun ki rete Kanada menm lè yo fin refize demann refijye yo, menm si gen lòd ki bay pou depòte yo, epi sa ilegal dapre lalwa kanadyen. Menm jan an tou, moun ki rantre Kanada "iregilyèman" epi polis pa ranmase yo epi yo pa fè yon demann refijye ap viv Kanada san pèmisyon legal (yo rele sa "san papye"). Dè santèn de milye de moun ap viv nan sitiyoasyon sa a Kanada, gen ladan ki Monreyal.

- Monreyal pa yon Vil Sanktyè. Lapolis travay men nan men ak Ajans Fwontalye Kanadyen nan depòte imigran san papye. Imigran san papye pa gen aksè a anpil nan sèvis piblik yo.

- Moun ki san papye ka mande rezidans pou kòz imanité. Sa a ap mache pou kèk men pa pou lòt.

- Yon nòt spesyal sou kesyon moratwa: Kanada te gen yon moratwa sou depòte moun an n Ayiti men sa leve depi MAS 2017.

